



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MAKE PREMYE ANIVERSÈ APLIKASYON LWA SEKIRITE  
KONT ZAM KI PI FÒ NAN ETA NEW YORK LA**

***Gouvènè a te konvoke yon sesyon ekstrawòdinè nan Lejislati a an repons ak  
desizyon Lakou Siprèm Etazini an nan zafè New York State Rifle & Pistol  
Association Inc. v. Bruen***

***Eta New York te trase wout la nan mete an aplikasyon lejislasyon sekirite kont  
zam ki gen bon sans pou pwoteje tout Nouyòkè yo***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a make premye anivèsè lejislasyon bon sans ki te ranfòse pwosesis pèmi pou zam New York la epi ki te bay yon modèl nasyonal pou sekirite kont zam ak batay kont vyolans ak zam lan. Lwa ki te antre an vigè nan dat 1e septanm 2022 a, te gen ladann egzijans pou verifikasyon konplè sou antesedan ak fòmasyon sou sekirite zam afe ak tire reyèl pou moun k ap chèche jwenn pèmi pou pò zam kache; entèdi moun ki gen pèmi pou pò kache pou pote zam afe yo nan kote ki sansib, tankou lekòl, bilding gouvènman yo ak lopital, pou site kote sa yo sèlman; epi yo egzije renouvèlman oswa resètifikasyon pèmi yo chak twazan. Eta a te lanse tou yon [sitwèb pou sekirite zam](#) pou bay piblik la, pwopriyetè zam yo, ak machann zam yo enfòmasyon konplè sou nouvo egzijans yo dapre lwa eta a.

"Twò souvan, New York te temwen dega vyolans ak zam ke yo koze nan kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke Gouvènè, mwen te pran mezi rapid pou kenbe moun yo an sekirite apre desizyon Tribinal Siprèm lan te pran nan zafè *Bruen* pou anile lwa sou pò kache ki gen yon syèk nan eta nou an. Yon ane apre, n ap kontinye dirije nasyon an nan batay kont vyolans ak zam ak sove lavi anpil moun."

**Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman enkonidyonèl li pou diminye vyolans ak zam ak anpeche trajedi ki pa nesèsè nan kominote nou yo. Sekirite zam ak sispann posasyon ilegal zam afe, ak vyolans ak zam sou nenpòt fòm, se yon gwo priorite pou Lapolis Eta a ak tout patnè fòs lòd nou yo. Nou rete fèm nan batay kont vyolans ak zam epi pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite."

An repons ak desizyon *Bruen* lan, eta a estandat ize ak ranfòse verifikasyon antesedan pou pèmi pou pote zam kache nan egzije kat referans karaktè; yon lis kont rezo sosyal

ansyen ak aktyèl pou twa dènye ane yo; divilgasyon konjwen oswa patenè nan kay aplikan an, nenpòt lòt adilt ki abite lakay aplikan an, enkli nenpòt timoun adilt aplikan an; ak yon entèvyou an pèsòn avèk ofisyè lisans li oswa reprezantan li. Dapre lalwa, ofisyè lisans yo ka mande nenpòt enfòmasyon adisyonèl yo jije apwopriye.

Tout moun ki aplike pèmi pou pèmi pou pote zam kache ki te aplike apati 1e septanm 2022 oswa apre, dwe pran yon kou fòmasyon sou sekirite zam afe ki gen ladann yon eleman salklas 16 èdtan ak fòmasyon sou sekirite zam afe ki dire de èdtan. Moun ki rete nan Vil New York ak konte Nassau, Suffolk ak Westchester oblije renouvle pèmi yo epi yo dwe pran fòmasyon an.

Fòmasyon sa yo fèt pou bay pwopriyetè zam afe ki gen lisans konpetans ak konesans ki nesèsè pou konsève ak pote zam yo san danje, epi edike yo sou lòt sijè, tankou rediksyon konfli, prevansyon swisid ak itilizasyon fòs mòtèl, ki pral ede kenbe tèt yo ak lòt moun an sekirite.

Anplis de sa a, renouvèlman ak resètifikasyon pèmi pou pò zam kache yo obligatwa chak twa ane olye chak senk ane. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwosesis resètifikasyon sou entènèt la pou moun ki gen pèmi yo [isit la](#).

Ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse tou nouvo kondisyon pou pèmi ak laj minimòm ki gen rapò ak pwopriyetè fizi semi-otomatik ki te antre anvigè 4 septanm 2022. Kounye a yon moun dwe gen omwen 21 ane epi li dwe gen yon pèmi anvan li achte oswa posede yon fizi semi-otomatik. Nouvo egzijans sa yo te enkli nan yon pake lejislasyon Gouvènè a te siyen an repons a fiziyad an mas avèk motivasyon rasyal ki te rive nan Buffalo nan me 2022 a.

Lapolis Eta a ak Divizyon Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice) eta a te devlope tou [Kesyon yo Poze Souvan](#) sou nouvo lwa sou zam yo pou piblik la, pwopriyetè zam ak machann zam yo. Anplis de fòmasyon ak egzijans elaji pou verifiye antesedan yo, lwa yo tou:

- Anpeche moun yo pote pistolè oswa revòlvè kache yo nan kote ki sansib yo. Moun ki pa egzante de restriksyon sa a dapre lalwa kapab akize avèk yon krim paske yo vyole dispozisyon pou kote ki sansib yo;
- Egzije verifikasyon chak mwa moun ki gen pèmi yo pou detèmine si yo gen kondanasyon kriminèl oswa òdonans tribinal ki ka diskalifye yo pou yo gen pèmi pò kache;
- Oblije pou yo dechaje zam afe ki nan machin san siveyans yo epi fèmen yo nan yon depo estokaj ki rezistan ak dife, enpak ak falsifikasyon ki kache pou yo pa wè.
- Elaji egzijans depo ki an sekirite si timoun ki poko gen 18 ane oswa nenpòt moun ki entèdi pou posede yon zam ap viv nan yon kay ki gen zam afe, fizi, ak fizi lachas.

Epitou, apati 1e septanm 2022, nenpòt vandè minisyon oswa konsesyonè zam afe oblije kenbe swa yon dosye elektwonik, yon seri done, oswa yon koleksyon òganize ki gen enfòmasyon estriktire, oswa done, anjeneral ki estoke elektwonikman nan yon sistèm òdinatè. Yo dwe antre dosye a nan moman chak tranzaksyon ki enplike minisyon epi li gen ladann dat, non, laj, okipasyon, ak rezidans nenpòt moun ki resevwa minisyon oswa ki bay minisyon, ak kantite, kalib, non manifakti ak nimewo seri, oswa si pa genyen, nenpòt lòt nimewo distenktif oswa mak idantifikasyon sou minisyon an.

Apati 13 septanm 2023, yo pral egzije verifikasyon sou antesedan pou moun k ap achte minisyon ak zam afe antik nan Eta New York. Lejislasyon ki ekzije Eta New York fè verifikasyon sou antesedan alafwa pou transfè zam afe ak pou transfè minisyon mande yon frè pou chak tranzaksyon. Frè 9 dola pou tranzaksyon sou antesedan zam ak frè 2.50 pou tranzaksyon antesedan minisyon yo pral itilize pou finanse sistèm verifikasyon sou antesedan Eta New York la.

Depi aplikasyon nouvo lwa sa a pou pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans ak zam oswa nenpòt lòt fòm domaj, fiziyad yo diminye apeprè 26 pousan atravè eta a nan dènye ane a. [Done CDC](#) montre ke New York gen katriyèm pousantaj mòtalite zam afe ki pi ba nan nasyon an epi, akòz enpak lwa pèmi pou pote zam kache nou yo, New York kontinye ap trase wout la pou pi devan pou mete ann aplikasyon lejislasyon bon sans sou sekirite zam ki fè moun ak kominote yo mal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418